



Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO PWOGRAM POU EDE JÈN YO SISPAAN FIMEN

*Pwogram mesaj tèks gratis se dènye pwopozisyon nan kanpay Gouvènè a nan tout Eta a pou mete fen nan vapotaj pou jènès la*

*Pwogram nan vize konbat ogmantasyon vapotaj alamant lakay jenès la*

*Voye mesaj tèks "DropTheVape" nan nimewo 88709*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Eta New York ofri kounye a yon pwogram mesaj tèks gratis pou ede timoun yo kite sigarèt elektwonik pandan ke eta ap pwogrese pou ranvèse ogmantasyon vapotaj alamant lakay jènès la. Komisè Sante a, Dtè. Howard Zucker te devwale inisyativ sa a yè nan yon rasanbleman #NoVapeNY ansanm ak Long Island Council on Alcoholism and Drug Dependence, PTA ak paran Eta New York yo kont fimèn sigarèt elektwonik yo nan Wheatley School, ki se yon lekòl segondè nan Old Westbury, nan Long Island. Se dènye mezi nan kanpay Gouvènè a nan tout eta a pou mete fen nan mitan vapotaj elèv lekòl segondè yo.

"Ogmantasyon alamant nan kantite jèn moun k'ap itilize sigarèt elektwonik yo se prè ke nou bezwen mete fren nan epidemi mòtèl sa a anvan yon lòt jenerasyon devlope adiksyon nikotin pandan tout dire lavi yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se poutèt sa nou ap pran mezi anbisye ak agresif pou entèdi tout pwodui vapotaj nikotin ki gen awòm ladan yo, mete fen nan piblisite vapotaj malonèt sa yo ki vize timoun nou yo, epi ofri jèn yo yon fason ki senp pou jwenn èd pou kite fimèn."

Depatman Sante (Department of Health) Eta an patenarya ak [Truth Initiative](#), ki se yon òganizasyon sante piblik nasyonal san bi likratif ki angaje pou fè itilizasyon tabak tounen yon eleman nan pase, pou kreye yon vèsyon espesifik NYS nan entèvansyon ki baze sou tèks yo, "Sa se Sispann". Pou jwenn aksè ak pwogram sa a, itilizatè yo tou senpleman bezwen voye mesaj tèks "DropTheVape" (abandone fimèn) nan nimewo 88709.

Pwogram mesaj tèks gratis inovatè sa a te kreye ak opinyon adolesan, etidyan inivèsite ak jèn adilt ki k'ap eseye, oswa ki deja kite fimèn ak avèk siksè. Li pwepare pou gwoup laj espesifik (13-17 ak 18-24) pou bay rekòmandasyon pou sispann ki apwopriye yo.

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare,** "Nivo enkyetan itilizasyon eleve sigarèt elektwonik jèn yo pa manke anyen pou li egale yon kriz sante

piblik, e nou dwe fè tout sa ki depann de pouvwa nou pou ranvèse vag la. Nouvo pwogram sa a se yon resous valab epi nou ankouraje tout moun pou yo ekri Drop the Vape, kòmanse avèk yon tèks senp ki ka finalman sove lavi yo".

Aprè yo fin enskri nan pwogram mesaj tèks la, itilizatè yo resevwa mesaj tèks entè-aktif chak jou ki adapte ak dat enskripsyon yo oswa dat yo sible pou sispann nan, si itilizatè a chwazi fikse yon sèl. Mesaj yo enkli ankourajman, motivasyon, egzèsis pou bati konpetans ak oto-efikasite ak estrateji adaptasyon Mesaj yo disponib pou omwen yon mwa si yon itilizatè pa gen yon dat pou sispann li fikse. Si yon itilizatè fikse yon dat pou sispann, y'ap resevwa mesaj pou omwen yon semèn anvan dat pou sispann nan epi omwen de mwa apre dat pou sispann nan, dat sa yo ka chanje li nenpòt ki lè. Pwogram lan dirije itilizatè yo tou nan Quitline (Liy Sispann) Eta New York la, ke yo [fèk ajoute](#) terapi ranplasman gratis pou kite fimèn, ak terapi ranplasman nikotin pou itilizatè ki kalifye pou sigarèt elektwonik yo pou reponn ak bezwen k'ap ogmante a pou ede yo kraze adiksyon ak vapotaj.

Semèn pase a, Gouvènè Cuomo te lanse yon nouvo kanpay pou sipòte pwopozisyon Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020-21 li pou entèdi tout pwodwi vapotaj nikotin aromatize ki gen awòm, enkli awòm mantòl yo, ak mete restriksyon sou piblisite vapotaj ki vize jèn yo. Lejislasyon pwopoze Gouvènè a ta otorize Depatman Sante (Department of Health) Eta a pou li kontwòle lavant lwil sipò pwodwi vapotaj yo ke yo konsidere kòm yon risk pou sante piblik. Lejislasyon an ta entèdi tou lavant sigarèt elektwonik anliy, atravè telefòn ak lapòs; yo ta pèmèt sèlman detayan ki anrejistre yo achte sigarèt elektwonik nan itilize metòd sa yo. Kanpay la gen ladan yon nouvo hashtag - #NoVapeNY - ansanm ak yon [petisyon](#) kote Nouyòkè yo kapab montre sipò yo pou lejislasyon an ak yon nouvo sit entènèt - [ny.gov/endvaping](http://ny.gov/endvaping) - ki gen plis enfòmasyon sou pwopozisyon yo.

Daprè done Depatman Sante a yo, prèske 40 pousan elèv 12yèm ane ak 27 pousan elèv lekòl segondè nan Eta New York kounye a ap itilize sigarèt elektwonik, epi likid elektwonik awomatize yo k ap plis ankouraje ogmantasyon sa a. Itilizasyon yo nan lekòl segondè an 2018 (27.4%) 160 pousan pi plis pase jan li te ye an 2014 (10.5%). Byenke to elèv lekòl segondè New York ki fimèn sigarèt yo bese soti nan 27.1% an 2000 pou vin yon nivo rekò 4.3% an 2016, maketin agresif k ap fè pwomosyon sigarèt elektwonik awomatize yo prè pou ranvèse tandans sa a.

**Steve Chassman, ki se direktè egzekitif, nan Long Island Council on Alcoholism and Drug Dependence lan, te deklare,** "Long Island Council on Alcoholism and Drug Dependence (LICaDD) fyè pou kanpe ak biwo Gouvènè Cuomo a ak Komisè Sante Eta New York, Dtè Howard Zucker, pandan n'ap travay kolektivman pou entèdi pwodwi vapotaj danjere ki klèman vize jèn adolesan yo epi pwodwi efè k'ap devaste sante ak byennèt jèn nou yo".

**Lorey A. Zaman, ki se Prezidan PTA NYS la, te deklare,** "Nou detèmine pou sipòte timoun yo, fanmi yo ak lekòl yo atravè epidemi vapotaj sa a. PTA NYS la pral kontinye edike sou konsekans jèn k'ap fimèn, epi li pral defann pou entèdi maketin ak vant tout sigarèt elektwonik ki gen awòm ak likid elektwonik awomatize yo, enkli mantòl. Ansanm, nou pral fè potansyèl chak timoun tounen yon reyalite".

**Meredith Berkman ak Dorian Fuhrman, ki se ko-fondatè Parents Against Vaping E-cigarettes (PAVe), ki se yon gwoup de baz nasyonal ki te fonde kòm yon repons a kriz sante piblik lakay adolesan sa a, te deklare,** "Nou rekonesan paske Gouvènè Cuomo ak Komisè Zucker pran angajman pou jwenn solisyon kreyatif tankou 'Drop the Vape' la pou ede plizyè milye jèn New York k'ap souffri anba adiksyon nikotin grav akòz epidemi vapotaj jènès la. Nou se yon lame nan MOMvocates (Manman Pledwayan) k'ap goumen pou pwoteje timoun nou yo kont konpòtman predatè Gwo Tabak ak danje ki genyen nan sigarèt elektwonik aromatize yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo, DADvocate (Papa Pledwayan) an chèf New York la, paske yo konprann enstentivman ijans pwoblèm sa a pou fanmi New York yo lè yo fè kanpay #NoVapeNY la tounen yon priyorite prensipal".

Sonje byen, pou jwenn aksè ak pwogram sa a, senpleman voye mesaj tèks "DropTheVape" nan nimewo 88709.

Pou plis enfòmasyon sou sigarèt elektwonik, vizite: [www.health.ny.gov/NoVape](http://www.health.ny.gov/NoVape)

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)